**खुसी के खबर**

पर्सा जिल्ला के वीरगंज से नियमित रुपमे प्रकाशित होत आइल 'भोजपुरी टाइम्स दैनिक' पत्रिका अब धनुषा के जनकपुर से भी एके साथ प्रकाशित हो रहल ।

'क' वर्ग के

Bhojpuri Times Daily

# भोजपुरी टाइम्स दैनिक

नेपाल के एक मात्र भोजपुरी दैनिक पत्रिका

बरीस -६ अंक - १४८ २०७६ माघ ०१ गते बुध | Bhojpuri Times Daily | Wednesday * January * 15 2020 | मोल रु : ५/-

## सामाजिक कुरीति विरुद्ध एक जुट होके लागेके अनेकन धर्मगुरुलोग के प्रतिबद्धता

**भोटा. संवाददाता/ वीरगंज २९ पुस,**

पर्सा जिल्ला मे अनेकन धर्म के गुरुलोग समाज मे होखेवाला कुरीति आ आपराधिक गतिविधि विरुद्ध एक होके लागेके प्रतिबद्धता जनवले बाडन ।

उलोग बालवियाह अन्त्य करेवाला कानून के सहजोग करेके, शान्ति सुरक्षा खलबल्यावेवाला आदमीसब के बारेमे सुरक्षा निकाय के सूचना देवेके, जनानी लइकालइकी तथा जेष्ठ नागरिक उपर के हिंसा, बालवियाह, छुवाछुत, दहेज प्रथा, डाईन के आरोप, लैंगिक विभेद, घरेलु हिंसा, लागूऔषध तथा मदिराजन्य अपराध विरुद्ध खडा होके तइयार रहल कहत लिखित रुप मे प्रतिबद्धता जनवले बाडन ।

एहितरे लागूऔषध ढुवानी, बिक्री वितरण आ सेवन करेवाला आदमी के बारेमे पुलीस के जानकारी देवे खातिर उलोग तइयार देखल गईल बाडन । सामाजिक सञ्जाल के दुरुपयोग से होखेवाला साइबर अपराध से खुद भी बाँचेके आ आउर के भी बँचावे के उलोग के कहनाम बा । समुदाय प्रहरी साझेदारी कार्जक्रम अन्तगत जिल्ला



प्रहरी कार्यालय पर्सा आ पहल नामक संस्था से आयोजना कईल कार्जक्रम मे पण्डित, पुरोहित, पास्टर (पादरी), मौलाना, मौलवी आ शिख धर्म के गुरुलोग लिखित आ मौखिक प्रतिबद्धता व्यक्त कईले बाडन ।

बालवियाह न्यूनिकरण तथा रोकथाम सम्बन्धी जनचेतना मुलक कार्जक्रम मे हिन्दु, मुस्लिम, सिख, इसाई धर्म के गुरुलोग से पुलीस प्रतिबद्धता लेहले रहे । पर्सा के प्रहरी उपरीक्षक सोमेन्द्र सिंह राठौर बालवियाह लगायत सामाजिक कुरीति आ आपराधिक घटना न्यूनिकरण के खातिर धर्म गुरुलोग योगदान करे सकेके भईला से प्रतिबद्धता लेहल गईल बतवनी ।

'कानून से वियाह २० बरीस पुरा भईला के बाद मात्र करेके कहले बा, उहाँ ओकरा से कम उमिर मे वियाह करावे के चलन बा, ओकरा से अनेकन सामाजिक समस्या लिया रहल बा,' कहत एसपी राठौर, 'आउर सामाजिक कुरीति, विसंगति के बारे मे भी धार्मिक अगुवा के बात समाज मे सुनेवाला भईला से सहजोग करे खातिर कहल गईल बा ।'

मुलुकी अपराध संहिता २०७४ मे २० बरीस ना पुग के कईल वियाह स्वत: रद्ध होखेके उल्लेख बा । कार्जक्रम मे प्रहरी नायब उपरिक्षक गौतम थापा बालवियाह के कारण, असर आ कानूनी व्यवस्था के बारे मे कार्यपत्र प्रस्तुत कईले रहनी । उ बाल वियाह करावेवाला के भी कारबाही होखेके कानूनी व्यवस्था के बारे मे जानकरी करावत धर्म गुरुलोग बियाह कईला पर उमिर पुछ के मात्र करावे खातिर निहोरा कइनी ।

'बालवियाह के चलते सन्तती के भविष्य मे खेलबाड हो रहल बा, ओकरा के रोकेके पडि ।' कहके बतवनी । समाज मे बालवियाह हो रहला पर भी पुलीस मे उजुरी एकदमे कम आ रहल उनकर कहनाम बा । एहितरे धार्मिक अगुवालोग कउनो भी धर्म कानूनविरुद्ध चलेके ना कहल बतवले बानी । उलोग जउन देश मे रहेके बा उ देश के कानून के पालना कईल दायित्व भईल बतवनी ।

मौलाना अलि असगर मदनी कुरान से देश के कानून मानेके पडि कहल बतवनी । 'धर्म से बालिग भईला के बाद बियाह करेके कहले बा, सरकार २० बरीस के बाद मात्र वियाह करेके कहके कानून लिआईल बाडन, हमनी ओकरा के मानेके पडि,' मदनी कहनी ।

बाइबल मे सरकार से बनावल नियम मुताविक चल कहके उल्लेख कईल क्रिश्चियन समुदाय के अगुवा नारायण आचार्य बतवनी । विश्व हिन्दू

**(बांकी चौथा पृष्ठमे)**

## नेकपा बारा सर्वसाधारण के कम्बल बँटलख



**प्रभु यादव/ बारा २९ पुस,**

नेपाल कम्युनिष्ट पार्टी जाडा आ शीतलहर से प्रभावित दलित, गरिब, किसान, जेष्ठ नागरिक, एकल जनानी के कम्बल बँटले बा । बारा के बिश्रामपुर गाँवपालिका वार्ड नम्वर १ चौकीटोल मे आजु कम्बल बाँटल गईल बा ।

मधेश मे बढल जाडा आ शीतलहर के के चलते दलित, गरिब, किसान, एकल महिला, जेष्ठ नागरिक के जाडा से राहत के खातिर कम्बल बाँटल नेकपा के युवा नेता उमेश कुशवाहा जानकारी देहनी । नेकपा बारा के अध्यक्ष क्षेत्रबहादुर श्रेष्ठ अनिल के छोट सहजोग मे ५० से बेसी परिवार के कम्बल बाँटल गईल रहे । रामबाबु कुशवाहा के अध्यक्षता मे भईल कार्जक्रम मे शेषनाथ कुशवाहा, युवा संघ के सहसयोजक अर्जुन शर्मा, मदन साह, शम्भु साह, श्रीभागवान महतो, भोला बिन,.बिध्यानन्द कुशवाहा लगायत के सहभागिता रहल रहे । कार्जक्रम के सञ्चालन लक्ष्मी कुशवाहा कईले रहनी ।

## नेपाल कलवार कल्याण महासंघ के तिसरका महाधिवेशन के तइयारी अन्तिम चरण मे



**भोटा. संवाददाता/ वीरगंज २९ पुस,**

नेपाल कलवार कल्याण महासघ काठमाण्डु के तिसरका महाधिवेशन इहे माघ ३ गते वीरगंज मे होखेके जनावल गईल बा ।

कलवार कल्याण समिती वीरगंज आजु पत्रकार सम्मेलन के आयोजना करके समिति के अध्यक्ष प्रभु प्रसाद कलवार इहे माघ ३ गते वीरगंज के नगर सभागृह मे सबेरे १० बजे से सुरु होखेके आ एकर तइयारी अन्तिम मरण मे पुगल बतवले बानी । महाअधिवेसन मे २३ जिल्ला के ३०० प्रतिनिधि आ प्रवेक्षक करके ५०० जने सहभागिता रहेके बतावत उदघाटन कार्जक्रम के प्रमुख अतिथि पडोसी देश भारत के बिहार भाजपा के प्रदेश अध्यक्ष तथा लोकसभा सदस्य डा. सन्जय कुमार जैसवाल रहल बतवले बानी । कार्जक्रम मे अनुमानित चार लाख से साढे चार लाख तक खर्च होखेके बतावत हरेक जिल्ला से आवेवाला प्रतिनिधि से एक हजार आ प्रवेक्षक से पाँच सय सुल्क लेवेके बतवनी । उदघाटन समारोह नगरसभागृह मे भईला पर भी बन्दशत्र कलवारण कल्याण समिति वीरगंज के भवन मे होखेके बतवले बानी ।

पत्रकार सम्मेलन मे नेपाल कलवार कल्याण महासंघ के राष्ट्रिय अध्यक्ष राजेन्द्र प्रसाद गुप्ता, केन्द्रिय सदस्य हरिकृष्ण जैसवाल, युवा केन्द्रिय सदस्य एवं तयारी समिती के संयोजक मनोज गुप्ता लगायत के सहभागिता रहल रहे ।

## पाँच दिने ठोरी महोत्सव बितल



**भोटा. संवाददाता/ वीरगंज २९ पुस,**

पर्सा जिल्ला के ठोरी गाँवपालिकाद्वारा आयोजना कईल प्रथम ठोरी हाथी तथा जीप सफारी महोत्सव आजु एगो समारोह के बिच पुरा भईल बा ।

पाँच दिने कार्जक्रम के समापन के अवसर मे प्रमुख अतिथि प्रतिनिधिसभा सदस्य शेख चाँदतारा प्रदेश नं २ के पर्यटकीय सम्भावना रहल ठोरी गाँवपालिका से आयोजना कईल महोत्सव पर्यटन भ्रमण वर्ष सफल बनावे मे सहजोग पुगल बतवले बानी ।

कार्जक्रम मे जगरनाथपुर गाँवपालिका के अध्यक्ष जालिम मियाँ ठोरी के पर्यटकीय पक्ष के बारे मे आन्तरिक तथा बाह्य पर्यटक के जानकारी करावे खातिर महोत्सव से महत्वपूर्ण भूमिका निर्वाहा कईल बतवनी । समापन कार्जक्रम के अध्यक्षता करत ठोरी गाँवपालिका के अध्यक्ष पिएल श्रेष्ठ हाथी तथा जीप सफारी महोत्सव मे प्रत्यक्ष तथा परोक्ष साथ आ सहजोग करेवाला सभी के धन्यवाद देहनी ।

नेपाल भ्रमण बरीस २०२० के लक्षित करके पश्चिमी पर्सा के ठोरी मे आयोजना कईल 'हात्ती तथा जीप सफारी महोत्सव' कठुवा रहल जाडा तथा शीतलहर के चलते प्रभावित भईल बा ।

दैनिक १० हजार स्वदेशी तथा विदेशी पर्यटक अवलोकन करेके लक्ष्य राखल गईल उ महोत्सव के आजु अन्तिम दिन तक करीब ३५ हजार

**(बांकी तीसरा पृष्ठमे)**

## सिर्सिया नदी बँचावे के माग करत विहार के मुख्यमन्त्री के ज्ञापन



**भोटा. संवाददाता/ वीरगंज २९ पुस,**

रक्सौल के बासिन्दा सिर्सिया नदी प्रदुषण रोकेके माग कईले बाडन । उलोग बिहार सरकार के जल जीवन

**(बांकी चौथा पृष्ठमे)**



## विदेशी खबर

# विस्फोट मे पर के दु लइकालइकी के मृत्यु

**समाचार एजेन्सी/**
**मजार ए शरिफ, २९ पुस,**

अफगानिस्तान के उत्तरी प्रान्त बाल्ख के मजार ए शरिफ शहर मे भईल एगो बम विस्फेट मे पर के दु लइकालइकी के मृत्यु भईल बा।

ई विस्फोट मे पर के आउर ९ जने घायल भईल भी पुलीस स्रोत जानकारी देहले बा। ई विस्फोट के अभी तक कउनो समूह जिम्बेवारी लेहले नइखे। ई समाचार के विस्तृत विवरण अभी तक मिले नइखे सकल।

# पाकिस्तान नियन्त्रित काश्मिर मे १६ के मृत्यु

**समाचार एजेन्सी/**
**इस्लामावाद, २९ पुस,**

पाकिस्तान नियन्त्रित काश्मिर मे कम्ती मे १६ जने के मृत्यु भईल बा। अधिकारी मंगर के दिने देहल जानकारी मुताविक हिमपहिरो आ हिमपात सम्वन्धी अनेकन घटना मे पर के आउर कैयन बेपत्ता भी भईल बाडन।

पिछिलका २४ घण्टा मे भईल घटना मे पर के उलोग के मृत्यु तथा बेपत्ता भईल मुजाफरवाद के आयुक्त इम्तीयाज अहमद जानकारी देहले बानी।

उनका मुताविक अभी तक कम्ती मे दश जने बेपत्ता भईल विवरण प्राप्त भईल बा। घटनास्थल मे खोजी तथा उद्धार जारी रहल भी अधिकारी बतवले बाडन।

मृत्यु भईल मेसे अधिकांश के पाकिस्तान नियन्त्रित काश्मिर मे पडेवाला निलम उपत्यका मे रहल जनावल गईल बा। दर्जनो घर, सवारी साधन आ दोकान भी नोक्सान भईल आयुक्त अहमद जानकारी देहले बानी। उ क्षेत्र मे पिछिलका समय हिमपात, हिमपहिरो लगायत वर्षात सम्वन्धी अनेकन घटना भईल भी उ बतवनी।

लावत गाँव मे रहल एक विद्यालय ओरी जा रहल १० जने विद्यार्थी भी हिउँ पहिरो मे पडल सरकारी अधिकारी जनवले बाडन। उलोग मेसे तीन जने के घटनास्थल मे मृत्यु भईल रहे आ आउर घायल भईल रहलन।

एहितरे घटना आउर जगहा मे भी भईल बा। डाक्कि चाक्नार क्षेत्र मे भईल दोसर घटना मे पर के आउर छ जने के मृत्यु भईल बा। उहाँ घर मे हिमपहिरो गिरल रहे।

पहिरो से दबाईल आउर स्थानीय के उद्धार काम हो रहल जनावल गईल बा।

# विद्यालय मे घुस के तीन शिक्षक के हत्या, एक के अपहरण

**समाचार एजेन्सी/**
**नैरोबी, २९ पुस,**

पूर्वीकेन्या के एक ग्रामीण क्षेत्र मे रहल एक विद्यालय मे उहाँ के आतङ्कवादी तीन जने शिक्षक के हत्या कइले बाडन।

केन्या मे कुछ बरीस से हत्या आतङ्क जारी राखल समूह अल सबाब उ विद्यालय मे प्रवेश करके तीन जने शिक्षक के हत्या कईल आ दोसर एक जने के अपहरण करके लेगईल स्थानीय सञ्चारमाध्यम जनवले बाडन।

केन्या मे उ समूह से वितल समय से हि आतङ्ककारी क्रियाकलाप जारी राखत आईल बाडन। अल सबाब इहाँ के शिक्षक आ विद्यार्थी के तारो बनावत आईल बाडन।

बडका सङ्ख्या मे आईल हथियारधारी आक्रमण करके उहाँ के कुछ विद्यालय मे भी नोक्सानी पुगईले बाडन। साथे उ आक्रमणकारी पूर्वीकेन्या के कमुथे मे रहल प्रहरी चौकी मे भी उलोग आगजनी कईले बाडन।

उलोग स्थानीय अस्पताल से एक जने नर्स के भी अपहरण करके लेगईल बतावल गईल बा। साथे स्थानीय स्वास्थ्य संस्था के कर्मचारी के भी उलोग आक्रमण करके घायल भईल बाडन।

अल कायदा सँगे सम्बन्ध रहल उ अल सबाब नामक आतङ्ककारी समूह केन्या के विद्यालय से लइकी के भी अपहरण करत आईल बाडन।

उलोग लइकी शिक्षा के विरोध करत आईल बाडन। ओहिसे लइकी शिक्षा देवेके विद्यालय से लइकालइकी हि अपहरण करत आईल बाडन।

# उत्तर कोरिया सँगे के सम्वन्ध के बारे मे दक्षिण कोरियाली राष्ट्रपति आशावादी

**समाचार एजेन्सी/**
**सोल, २९ पुस,**

दक्षिण कोरिया के राष्ट्रपति मुन जाए इन मंगर के दिने उत्तर कोरिया सँगे के सम्वन्ध के बारे मे आशावादी धारणा व्यक्त कईले उबानी।

दु कोरिया आ अमेरिकाबीच कुछ समय से बातचीत होखे ना सकेके भईला पर भी जलदी हि नयाँ चरण मे छलफल होखेके विश्वास व्यक्त कईले बानी।

नयाँ बरीस के अवसर मे राष्ट्रपति कार्यालय ब्लु हासउ मे शुभकामना देवेके समय मे उ दु कोरिया के सम्वन्ध मे कुछ कठिनाई भईला पर भी सुधार होखेके बतवनी।

वार्ता से हि आपसीसम्वन्ध सुधारे सकेके आ अव ओकरा ओरी फेनु खुद से जोड देवेके उ जानकारी देहनी। राष्ट्रपति मुन आपन सरकार आपसी सम्वन्ध सकारात्मक तरिका से अगाडि बढी कहके विश्वास मे रहल बतवनी।

उ दु कोरियाबीच के आपसी सम्वन्ध आ उत्तर कोरिया सँगे अमेरिका के सम्वन्ध मे निराशा रहेके अवस्था ना रहल बतवले बानी।

मुन के अग्रसरता आ समन्वय

(बांकी चौथा पृष्ठमे)

# स्थानीय तह सँगे समन्वय कईल जाई : मुख्यमन्त्री राई



विराटनगर, २९ पुस,

प्रदेश नं. १ के मुख्यमन्त्री शेरधन राई प्रदेश सरकार से सञ्चालन करेके योजना मे स्थानीय तह से समन्वय करके अगाडि बढेके बतवले बानी।

मुख्यमन्त्री तथा मन्त्रिपरिषद् के कार्यालयद्वारा आयोजना कईल 'प्रदेश समन्वय परिषद् के तिसरका बईठक' के आजु समापन अवसर मे उ कहनी कि, "सङ्घीय सरकार के बडका, प्रदेश के मझौला आ स्थानीय तह के छोटा योजना के प्रभावकारी कार्यान्वयन मे जोड देवेके पडि।"

मुख्यमन्त्री राई आवेवाला समय होखेवाला राष्ट्रिय जनगणना आ नेपाल भ्रमण बरीस २०२० के सफल बनावे खातिर स्थानीय तह से अहम भूमिका निर्वाह करेके बात मे जोड देत योजनासब के अनुगमन प्रभावकारी तरिका से करे खातिर एगो सशक्त समिति बनावेके जानकारी देहनी।

आर्थिक मामिला तथा योजनामन्त्री इन्द्रबहादुर आङ्बो राजश्वबिना सरकार सञ्चालन करे ना मिलेवाला भईला से एकर दायरा चौडा करेके बात मे जोड देत स्थानीय तह से कानून बना के कर उठावे के सुझाव देहनी। दु दिने उ बईठक मे प्रदेशभर के स्थानीय तह के अध्यक्ष एवं उपाध्यक्ष, जिल्ला समन्वय समिति के संयोजक आ प्रशासकीय अधिकृत के सहभागिता रहे।

## पाँच ..................

पर्यटक मात्र अवलोकन कईल ठोरी गाँवपालिका के अध्यक्ष पदमलाल श्रेष्ठ कहनी। "दैनिक १० हजार स्वदेशी तथा विदेशी पर्यटक महोत्सव अवलोकन करेके हमनी अनुमान कईले रहनी", उ कहनी कि, "करीब ५० हजार से बेसी पर्यटक से महोत्सव अवलोकन करेके खराब मौसम तथा शीतलहर के चलते आजु अन्तिम दिन तक करीब ३५ हजार पर्यटक से मात्र उ महोत्सव अवलोकन कईले बाडन।"

ठोरी के धार्मिक, ऐतिहासिक तथा पुरातात्विक स्थल के पहिचान, लोककला तथा स्थानीय संस्कृति के विकास करेके उद्देश्य से नेपाल भ्रमण बरीस के अवसर मे आयोजना कईल उ महोत्सव अत्याधिक जाडा तथा शीतलहर के चलते प्रभावित भइल प्रचारप्रसार समिति के संयोजक माधव तिमिल्सिना बतवनी।

महोत्सव मे ३० प्रतिशत भारतीय तथा ७० प्रतिशत नेपाली पर्यटक अवलोकन कईले बाडन। ठोरी गाँवपालिका-५ सुवर्णपुर के गढवालाइन मे आयोजना कईल उ महोत्सव मे २६ स्टल राखल गईल रहे। महोत्सव अवधिभर रु एक करोड मूल्य बरावर के आर्थिक कारोवार भईल बतवल गईल बा।

इहे पुस २५ गते से २९ गते तक अयोजना कईल उ महोत्सव मे पर्यटन सँगे सम्बन्धी सामग्री स्टल राखल गईल रहे। महोत्सव से सोंचल जइसन पर्यटक आकर्षित करे ना सकला परप भी ठोरी के भावी कार्ययोजना आ पर्यटन विकास के सम्भाव्यता अध्ययन के खातिर महत्वपूर्ण काम भईल ठोरी होमस्टे के अध्यक्ष शम्भुराम पौडेल बतवनी।

पर्सा जिल्ला के ठोरी गाँवपालिका स्थित रामहरि भाठा, दुर्लभ जनावर आवेवाला घाँसेमैदान, जङ्गली जनावर, दुग्देश्वर महादेव, पर्सा तथा चितवन राष्ट्रिय निकुञ्ज के मनमोहक दृश्य, बाघमोर्चा माई, राईधारा, अमृतधारा, झोलुङ्गेपुल, सीता गुफा, सेतो पहाड जइसन पर्यटकीयस्थल स्वदेशी तथा विदेशी पर्यटकलोग के आकर्षित करत आरहल बा।

महोत्सव के मुख्य आकर्षक कहल हाथी तथा जीप सफारी, मगर जाती के सांस्कृतिक पहिरन आ स्थानीय खाना के परिकार रहल रहे। महोत्सव पुरा भईला पर भी हाथी तथा जीप सफारी नियमित सञ्चालन मे रहेके तथा उ सफारी करेके स्वदेशी पर्यटक के रु ६०० तथा विदेशी पर्यटक के रु एक हजार १०० शुल्क निर्धारण कईले बा।

## चर्चा मे ...........

कईला पर हमनी के सन्तति से भी हमनी उपर गर्व करेवाला किसिम से निर्णय करेके पडि", कहके बतवनी। राजधानी के विषय मे पार्टी मे छलफल भईला पर भी ह्वीप ना लागेके प्रमुख सचेतक ढकाल स्पष्ट कइनी।

उ दल भितर के एकता मात्र ना होके प्रदेशसभा भितर के एकता के खातिर राजधानी आ नामाकरण के टुङ्गो लागेमे देरी भईला के चलते अब प्रदेशसभा से एकता के आधार मे तय होखेके बतवनी। राजधानी विशेष समिति प्रदेश के स्थायी राजधानी कहाँ राखेके विषय मे प्रदेश के १२ गो जिल्ला मे पुग के जनता के राय-सुझाव लेहले बा। समित प्रतिबेदन बुझावल गईला से अब के प्रदेशसभा के बईठक मे प्रतिवेदन उपर छलफल होखेके नेपाली काँग्रेस के सचेतक तथा विशेष समिति के सदस्य निर्मला क्षेत्री बतवनी।

स्थायी राजधानी आ नामाकरण के खातिर कहके हि प्रदेशसभा विशेष समिति गठन कईला से समिति से देहल सुझाव के आधार मे राजधानी आ नामाकरण के टुङ्गो लागेके उनकर कहनाम बा। अब नयाँ जगहा मे राजधानी बनईला पर प्रदेश आर्थिकभार सहे ना सकेवाला भईला से अस्थायी मुकाम के हि स्थायी बनईला पर बढिया होखेके उनकर सुझाव बा। "राजधानी तोकेमे बहुते देरी भईला पर जनतामाझ जाएमे लाज भईल बा, अब के बईठक से एकर टुङ्गो लगावेके पडि", कहके बतवनी। लुम्बिनी नामाकरण के विषय मे विवाद ना भईल उ स्पष्ट कइनी।

प्रदेश के राजधानी रुपन्देही आ नामाकरण लुम्बिनी हि राखे खातिर प्रदेशसभा मे प्रतिनिधित्व करेवाला समाजवादी पार्टी के सुझाव बा। गौतम बुद्ध के पवित्र भूमि भईला के चलते इहे जगहा मे राजधानी राखेके समाजवादी पार्टी के प्रमुख सचेतक सन्तोष पाण्डे के तर्क बा। प्रदेश के राजधानी के खातिर रुपन्देही हि उपयुक्त रहला से आउर जगहा के बारेमे बहस कईल हि जरुरी ना भईल सचेतक पाण्डे के कहनाम बा। प्रदेशसभा के ८७ सदस्य राजधानी आ नामकरण करीहें।

# स्वतन्त्रता नियन्त्रण करेके सरकार के कउनो नीति नइखे : मन्त्री ज्ञवाली



काठमाण्डु २९ पुस,

परराष्ट्रमन्त्री प्रदीप ज्ञवाली अभिव्यक्ति स्वतन्त्रता नियन्त्रण करेके सरकार के कउनो भी नीति ना रहल बतवले बानी। राष्ट्रिय मानव अधिकार आयोग आजु इहाँ आयोजना कईल 'विश्वव्यापी आवधिक समीक्षा' विषय कार्जक्रम मे उ सरकार से लियावल सूचना तथा प्रविधि विधेयक अभिव्यक्ति स्वतन्त्रता नियन्त्रण करेके ना होके सामाजिक सञ्जाल से होखेवाला विकृति आ विसङ्गति के रोकेके भईल बतवनी।

"समाज मे सामाजिक सञ्जाल के चलते अनेकन किसिम के विकृति देखल गईल बा", कहत उ, "समाज के सही गति मे लेजाए खातिर कानून जरुरी बा, बरु सजाय केतना होखेके पडल ?, संशोधन करेके व्यवस्था के विषय मे संसद् मे बृहत् छलफल होखी।" शान्ति प्रक्रिया टुङ्ग्यावे के प्रक्रिया मे सरकार लागल जानकारी देत उ शान्ति प्रक्रिया निष्कर्ष मे पुगावे खातिर पाँच सिद्धान्त से देखल गईल बतवनी।

मन्त्री ज्ञवाली कहनी कि, "पाँच सिद्धान्त विस्तृत शान्ति सम्झौता, अन्तरराष्ट्रिय सन्धि/सम्झौता, सर्वोच्च अदालत के फैसला, पीडित के भावना आ न्यायप्रणाली ह।" सत्यनिरुपण तथा मेलमिलाप आयोग आ बेपत्ता बनावल गईल आदमी के छानबिन आयोग मे पदाधिकारी सिफारिस करे खातिर बनावल गईल समिति मे सरकार कउनो भी हस्तक्षेप ना कईल उ स्पष्ट कइनी।

दु आयोग के ऐन संशोधन के अन्तिम तइयारी रहल आ आजु सातु प्रदेश मे उ ऐन सम्बन्धी छलफल करके अन्तिम रुप देवेके उल्लेख करत उ कहनी कि, "कैयन के शान्ति प्रक्रिया टुङ्ग्यावे के चाहना भी नयखे, कैयन के परियोजना भी चल रहल बा माकिर सत्तापक्ष भा प्रतिपक्ष सभी मिल के शान्ति प्रक्रिया के अन्तिम काम पूरा करेके पडि।"

मानव अधिकार के विश्वव्यापी आवधिक समीक्षा के तिसरका प्रतिवेदन तइयार कईला पर बृहतरुप मे छलफल करके तइयार करेके आ मानव अधिकार आयोग, नागरिक समाज तथा सरकार से मिल के बनावे के बात मे जोड देहनी। उ राष्ट्र के विकास आ उन्नति के मूल्याङ्कन करेके महत्वपूर्ण पाटा के रुप मे रहल उ प्रतिवेदन से सहजोग करेके विश्वास व्यक्त कइनी।

संयुक्त राष्ट्रसङ्घ के स्थापना भईला के बाद मानव अधिकार के संरक्षण, सम्वर्द्धन आ प्रवर्द्धन करे खातिर आपन सदस्य राष्ट्र के बेसी जिम्मेवार आ उत्तरदायी बनावे के उद्देश्य से मानव अधिकार के संयन्त्रण के रुप मे विश्वव्यापी आवधिक समीक्षा के व्यवस्था कईल गईल बा। नेपाल तिसरका बेर आपन प्रतिवेदन बुझावे के तइयारी के समय मे उ छलफल के आयोजना कईले बा।

(बांकी दुसरका पृष्ठमे)

## निकुञ्ज ............

माडी के सम्मान के खातिर राष्ट्रियसभा मे इहाँ के प्रतिनिधित्व करावे खातिर आपन पहल मे गङ्गा बेलवासे के उम्मेदवार बनावल गईल जानकारी देहनी। माघ ६ गते तक चलेवाला महोत्सव मे एक सय कक्ष बा।





माघ १ गते (आजु) खिंचडी पर्व बा। ई खिंचडी पर्व मे लाई, तिल लगायत के परिकार खाईल जाला। इहे परिकार वीरगंज बजार मे किन बेंच हो रहल एगो दृश्य। फोटो सौजन्य : जाकिर हुसैन

# पुलीस प्रशासन माफिया से मिलल मुख्यमन्त्री राउत के आरोप

जनकपुरधाम २९ पुस,

प्रदेश २ के मुख्यमन्त्री लालबाबु राउत पुलीस प्रशासन माफिया से मिलल आरोप लगईले बानी। उहे चलते जनता मारला पर भी प्रदेश सरकार मुकदर्शक बनेमे बाध्य भईल उनकर दाबी बा।

आजु जनकपुरधाम मे आयोजना कईल जलवायु परिवर्तन सम्बन्धी सगर माथा सम्वाद कार्जक्रम मे मुख्यमन्त्री राउत सेटिङ मे टिपर लगा के खोला तथा नदी उत्खनन करावे के काम हो रहल बतवनी। "दिनके टिपर लगा के नदी उत्खनन हो रहल बा। प्रहरी प्रशासन नइखे ? उलोग सभी मिलल बाडन" कहके बतवनी।

"बालु क्रसर उद्योग चुरे दोहन करत बाडन, हरेक दिन वन विनाश होत बा, रोकेके प्रयास करेवाला लोग के दिनदहाडे हत्या होत बा, माकिर हमनी मुकदर्शक भईल बानी" कहत




उ "पुलीस हमनी के मातहत मे नइखे। एकरा से बडका दुर्भाग्य आउर का होखी।"

अवैध नदी उत्खनन के विरोध कईला के चलते धनुषा के मिथिला नगरपालिका ५ श्रीनगर मे स्थानीय युवक दिलीप महतो के क्रसर उद्योगी टिपरले किंचाड के हत्या कईले रहलन।

नदी उत्खनन करेके तथा जंगल कटान करेवाला के कुछो ना करेके पुलीस प्रशासन भारत से कम मल लियावेवाला किसान के दु:ख देरहल मुख्यमन्त्री राउत के आरोप बा।

चुरे के दोहन आ जंगल के नियमित फँडानी हो रहला पर सबसे बडका प्रभाव प्रदेश २ के पड रहल उ बतवनी। सप्तरी से पर्सा तक के क्षति के अवस्था देखीं" कहत उ, "भूमाफियालोग बढत गईल बाडन। बडका बडका कन्स्ट्रक्सन खोलला पर भी केहु भी ध्यान ना देहल हि सेटिङ के प्रमाण ह।" प्रकृति उपर के अतिक्रमण तत्काल ना रोकेके बडका समस्या लियावे के मुख्यमन्त्री राउत बतवनी।

## उत्तर ...............

मे अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रम्प आ उत्तर कोरिया के सर्वोच्च नेता किम जोङ अन के संयुक्त शिखर बईठक भी पुरा भईल बा।

बितल दु बरीस मे भईल तीन गो शिखर बईठक के बाद सम्वन्ध सामान्य अवस्था मे रहला से ई बरीस भी महत्वपूर्ण बईठक होखे सकेके अपेक्षा कईल गईल बा।

वितल लम्हर समय से एक दोसर के कडा शत्रु के रुप मे देखत आईल अमेरिका आ उत्तर कोरिया सम्वन्ध के सुधारत नयाँ चरण मे लेजाए के प्रयास होत आईल बा। एहितरे संयुक्त अरब इमिरेट्स (युएइ) के युवराज शेख मोहम्मद बिन जायद अल नाह्यान अनेकन देश के नेता से बातचीत कईले बानी।

उ इन्डोनेसिया के राष्ट्रपति जोको विडोडो सँगे युएइ के राजधानी अबुदाबी मे भेट करके एतवार के दिने बातचीत कईले बानी। भ्रमण के खातिर आईल विडोडो के स्वागत करत उ अनेकन विषय मे बातचीत कईल अधिकारी जनवले बाडन।

"आजु हम इन्डोनेसिया के राष्ट्रपति तथा हमर साथी जोको विडोडो के स्वागत करत दु पक्षीय बातचीत कईल गईल बा," युवराज शेख मोहम्मद सामाजिक सञ्जाल ट्वीटर मे लिखले बानी।

उ साझा चासो आ दु पक्षीयहित के बारे मे भी बातचीत कईल सामाजिक सञ्जालमार्फत् हि जानकारी देहले बानी। खास करके अर्थतन्त्र, लगानी, व्यापार आ विकास के क्षेत्र के साथे दु देश के मित्रता के आउर मजबुद बनावे के बारेमे बातचीत भईल उ बतवले बानी। एहितरे उ फ्रान्स के राष्ट्रपति एम्यानुएल मार्कोन से भी एतवार के दिने हि बातचीत कईले बानी। फ्रान्स के राष्ट्रपति से उ टेलिफुन मे बातचीत कईले बानी।

"हम फ्रान्स के राष्ट्रपति एम्यानुएल मार्कोन सँगे फुन मे बातचीत कईले बानी, हमरा उ फुन कईले रहनी," उनकर आधिकारिक ट्वीटर हेन्डल मे लिखल गईल बा।

उ फ्रान्स के राष्ट्रपति से भी सहकार्य मे जोड देत आपसी सहजोग आ सम्वन्ध विस्तार के बारेमे बातचीत भईल बतवनी।

साथे महत्वपूर्ण क्षेत्रीय विषय, अन्तरराष्ट्रिय विकास लगायत के विषय मे भी खुद से छलफल कईल युएइ के युवराज उल्लेख कईले बानी। "हमनी आपन साझा चासो आ सरोकार के विषय सँगे क्षेत्रीय सुरक्षा आ स्थायित्व के बारे मे बातचीत कईले बानी," युएइ के सुरक्षा निकाय के सर्वोच्च उपकमाण्डर भी रहल शेख मोहम्मद ट्वीटर मे लिखले बानी।

उ एकरा से पहिले बितल शनिचर के दिने हि रुस के राष्ट्रपति भ्लादिमिरि पुटिन से भी विविध विषय मे छलफल कईले रहनी। उलोग के बीच मे भी विकसित पिछिलका घटनाक्रम, दु पक्षीय सम्वन्ध आ सरोकार के विषय सँगे क्षेत्रीय सुरक्षा तथा चासो के विषय मे बातचीत भईल बा।

## सिर्सिया .............

हरियाली अभियान सफल बनावे खातिर भी सिर्सिया नदी सफा होखेके बात मे जोड देहले बाडन।

सरिसवा नदी बँचाव आन्दोलन रक्सौल के अगुवाई मे रक्सौल के अनुमण्डल पदाधिकारी अमित कुमार के आजु ज्ञापनपत्र भी बुझवले बाडन। आन्दोलन के नेतृत्व करत आईल प्राध्यापक डा अनिल कुमार सिन्हा नेतृत्व के ३५ सदस्यीय प्रतिनिधिमण्डल बिहार के मुख्यमन्त्री नितिश कुमार के ध्यानाकर्षण करावे खातिर ज्ञापनपत्र बुझवले बाडन।

ज्ञापनपत्र मे बिहार सरकार से लियावल महत्वाकांक्षी जल जीवन हरियाली अभियान मे जीवनदायिनी सरिसवा नदी के प्रदुषण हटावे के बात समेटेके माग कईल गईल बा।

बेर बेर सरोकारवाला के ध्यानाकर्षण करईला पर भी सुनुवाइ ना भईल सिकाईत करत ज्ञापनपत्र मे तत्काल प्रदुषण विरुद्ध कारबाही शुरु करेके माग कईल गईल बा।

## सामाजिक ..........

परिषद नेपाल के ज्योतिष सम्राट पुरुषोत्तम दुवे वियाह के उमिर हद १८ बरीस कायम करेके माग कइनी। 'वेद, गीता, रामायण लगायत के ग्रन्थ मे जननी आ जन्भभूमि के कदर करेके पडि कहले बा,' कहत पण्डित दुवे, 'माकिर उमिर हद पहिले के ठिक रहे, २० बरीस तानका बेसी भईल कि ?'

वीरगंज क्रिश्चियन मण्डली के रामप्रसाद घिमिरे दलित विपन्न समुदाय मे बालवियाह बेसी हो रहला से ओकरा ओरी ध्यान देवेके बात मे जोड देहनी। पहल संस्था के दिलिप राज कार्की विद्यालय आ समुदाय स्तर मे भी सचेतनामुलक कार्जक्रम के निरन्तरता देवेके बतवनी। कार्जक्रम मे मदर्सा बोर्ड प्रदेश २ के शशिकपूर मियाँ, इन्सेक पर्सा के अध्यक्ष केसी लामिछाने, नेपाल पत्रकार महासंघ पर्सा के अध्यक्ष श्याम बञ्जारा लगायत के सहभागीता रहल रहे।

# धनुषा मे बस ठोकर देहला पर मोटर साइकल मे सवार दु जने के मृत्यु





जनकपुरधाम २९ पुस,

धनुषा मे कलेज बस से मोटर साइकल के ठोकर देहला पर दु युवक के मृत्यु भईल बा।

जनकपुर के मोडेल मल्टिपल कलेज के ज १ क २८२ नम्बर के बस ज १० प ३५३५ नम्बर के मोटर साइकल के ठोकर देहला पर दु युवक के मृत्यु भईल बा।

आजु दिन के ढल्केबर से जनकपुर ओरी जा रहल बस उलटा रास्ता से आ रहल मोटरसाइकल के ठोकर देहले रहे। मृत्यु होखेवाला मे क्षिरेश्वरनाथ नगरपालिका ९ के २५ बरीस के सन्तोष ठाकुर आ उहे जगहा के २५ बरीस के अनवर राई के मृत्यु भईल जिल्ला प्रहरी कार्यालय धनुषा के डिएसपी रामेश्वर कार्की जानकारी देहनी। पुलीस के मुताविक दुनु युवक के घटनास्थल मे मृत्यु भईल बा।

दुर्घटना जनकपुर ढल्केबर सडकखण्ड के लक्ष्मीनिया आ सपही के बीच मे भईल बा। ठोकर देहला के बाद स्थानीय कलेज बस मे आगजनी कईले रहलन।

# निकुञ्ज ऐन परिमार्जन होत बा : अध्यक्ष दाहाल




चितवन, २९ पुस,

नेपाल कम्युनिष्ट पार्टी(नेकपा)के अध्यक्ष पुष्पकमल दाहाल 'प्रचण्ड' विसं २०२९ मे बनल निकुञ्ज ऐन परिमार्जन होखेके क्रम मे रहल बतवले बानी। माडी नगरपालिका के आयोजना तथा थारु कल्याणकारिणी सभा क्षेत्र नं १ माडी आ आदिवासी जनजाति महासङ्घ नगर समन्वय समिति माडी के सहआयोजना मे आजु से माडी मे शुरु भईल प्रथम खिचरा महोत्सव के उद्घाटन करत उ चितवन राष्ट्रिय निकुञ्ज आ जनताबीच द्वन्द्व बढल माकिर मौजूदा ऐन से वन्यजन्तु के सुरक्षा मे ध्यान देहला पर भी आदमी के सुरक्षा मे ध्यान ना देहला के चलते ऐन संशोधन करेके स्पष्ट कइनी।

उ अवसर मे नेता दाहाल आइडिया फर नेपालअन्तर्गत एनआर एन एण्ड पार्टनर्स कम्पनीद्वारा ५० बिघा जमीन मे सञ्चालन करे लागल फलफूलखेती आ रिसोर्ट के भी शिलान्यास कईले रहनी। पूर्वप्रधानमन्त्री दाहाल के माडी के 'मणि' बनावे खातिर आपन पहल मे अनेकन परियोजना अगाडि बढ रहल बतावत

(बांकी तीसरा पृष्ठमे)

# पुराना संसद् भवन नयाँ बनावे खातिर विकास समिति के निर्देशन


काठमाण्डु २९ पुस,

प्रतिनिधिसभा, विकास तथा प्रविधि समिति सिंहदरस्थित पुराना संसद् भवन के उहे स्वरूप मे नयाँ बनावे खातिर निर्देशन देहले बा। समिति के आजु के बईठक मे विसं २०७२ वैशाख १२ गते के भूकम्प से क्षतिग्रस्त भवन के स्वरुप ना बिगडेवाला किसिम से पुन:निर्माण करे खातिर सभापति कल्याणीकुमारी खड्का निर्देशन देहले बानी।

साविक मौलिकता रहेवाला किसिम से भवन बनावे के उ प्रधानमन्त्री तथा मन्त्रिपरिषद् के कार्यालय, शहरी विकास मन्त्रालय आ राष्ट्रिय पुन:निर्माण प्राधिकरण के निर्देशन कईल बईठक मे जानकारी देहनी। सिंहदरबार भितर भूकम्प से नोक्सानी पुगल भवन प्लास्टिक ओढा के राखला पर पुन:निर्माण के काम होखे ना सकल सन्देश गईला से पुराने स्वरूप मे नयाँ भवन बनावे के माग सांसदलोग कईले रहनी। सांसद रामबहादुर विष्ट, यज्ञराज सुनुवार, रङ्गमती शाही लगायत भवन धराप मे ना राख के काम करेके बा जलदी निर्णय करेके माग कईले रहनी।

बईठक मे प्राधिकरण के सचिव शिवहरि शर्मा आ शहरी विकास मन्त्रालय के सचिव मधुसुदन अधिकारी नीतिगत निर्णय राजनीतिक नेतृत्व से होखेके माग कईले रहनी।

# चर्चा मे प्रदेश नं ५ के राजधानी




रुपन्देही, २९ पुस,

प्रदेश नं ३ के राजधानी आ नामाकरण के टुङ्गो लागला सँगे प्रदेश नं ५ के राजधानी के विषय से चर्चा मिलल बा। प्रदेश नं ३ के राजधानी के नाम वाग्मती आ राजधानी हेटौंडा रहेके प्रस्ताव प्रदेशसभा से एतवार के दिने पारित कईला के बाद प्रदेश नं ५ के राजधानी के बारे मे कडा बहस शुरु भईल बा।

प्रदेशसभा के पहिलका बईठक से राजधानी रहेके स्थान आ नामकरण करेके संवैधानिक प्रावधान रहला पर भी प्रदेश नं ५ मे अभी तक टुङ्गो लागे नइखे सकल। आवेवाला माघ ५ गते से शुरु होखेवाला प्रदेशसभा के पाँच वाँ हिउँदे अधिवेशन से प्रदेश के नामाकरण आ राजधानी के विषय टुङ्गो लगावेके नेपाल कम्युनिष्ट पार्टी (नेकपा) के प्रमुख सचेतक भूमिश्वर ढकाल बतवनी।

"लम्हर समय भईला के चलते राजधानी के विषय से चर्चा मिलल स्वभाविक ह", आजु बुटवल मे आयोजना कईल साक्षात्कार मे ढकाल कहनी कि, "प्रदेशसभा के पाँच वाँ अधिवेशन से एकर छिनोफानो होखी।" प्रदेशसभा से गठित राजधानी विशेष समिति प्रतिवेदन बुझईला के चलते अब के प्रदेशसभा के बईठक मे प्रतिवेदन उपर छलफल होखेके बतवनी।

प्रदेश के जनता के पडेवाला आ जनता के भावना के कदर होखेवाला हिसाब से प्रदेशसभा राजधानी के विषय टुङ्गो लगावे के प्रमुख सचेतक ढकाल बतवनी। "अभी राजधानी तय

(बांकी तीसरा पृष्ठमे)